



Pou Otorize yon Pwofesyonèl nan Taks Jwenn aksè nan Enfòmasyon sou Taks ak Fè Tranzaksyon

E-ZRep Form TR-2000, Tax Information Access and Transaction Authorization (Fòm TR-2000 E-ZRep, Otorizasyon pou Aksè nan Enfòmasyon sou Taks ak Tranzaksyon) pèmèt yon pwofesyonèl nan taks:

- jwenn aksè epi resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou taks pou kliyan kontribiyab biznis oswa moun ki kliyan kontribiyab;
- pale ak yon reprezantan Depatman Taks e resevwa enfòmasyon konfidansyèl kontribiyab konsènan deklarasyon, evalyasyon ak avi; epi
- fè tranzaksyon sou non kliyan pa lentèmedyè yon kont pwofesyonèl taks nan Sèvis sou Entènèt.

Remak: Tranzaksyon sou entènèt sa yo gen ladan ranpli deklarasyon taks oswa lòt dokiman ak fè peman onon kontribiyab la, pou taks li otorize sou Fòm TR-2000 E-ZRep la. Kontribiyab la pa ka bay otorizasyon pou sèten peryòd deklarasyon taks espesyalman. Pa egzanp, si kontribiyab la bay yon pwofesyonèl nan taks otorizasyon pou taks sou lavant, pwofesyonèl la ap gen aksè nan enfòmasyon taks sou lavant pou tout peryòd deklarasyon taks yo.

Tranzaksyon pwofesyonèl nan taks ka fè onon kontribiyab

Form TR-2000.1, Tax Information Access and Transaction Authorization Information Page (Fòm Paj Enfòmasyon sou Otorizasyon pou Aksè nan Enfòmasyon sou Taks ak Tranzaksyon), gen lis sèvis sou entènèt kontribiyab ka otorize pwofesyonèl nan taks fè onon yo.

Pou pwofesyonèl nan taks: Kijan pou òganize ak itilize yon kont

- Kreve pwòp tax professional Online Services account pa w (kont pwofesyonèl taks nan Sèvis sou Entènèt) si w pa deja gen yonn. Gade Tax Professional Account Summary Demo a (demonstrasyon Rezime Kont Pwofesyonèl nan Taks) pou aprann plis sou fason pou sèvi ak kont ou an.
- Fè kliyan w yo ranpli e siyen Fòm E-ZRep TR-2000 la. Ou dwe konsève yon kopi fòm otorizasyon an nan dosye w yo pou dire otorizasyon an plis twa ane. Ou pa bezwen poste fòm lan ba Depatman Taks.
- Ajoute kliyan an nan kont pwofesyonèl taks ou an:
 - Seleksyone lyen *Add individual client* oswa *Add business client* (Ajoute kliyan moun oswa Ajoute kliyan biznis) ki nan kare client information an (enfòmasyon kliyan) nan account summary home page (paj dakèy rezime kont) nan Online Services (Sèvis sou entènèt).
 - Antre enfòmasyon kliyan an, ikonpri nimewo ID kontribiyab kliyan an ak enfòmasyon ki sòti nan yon deklarasyon ki te ranpli nan 12 mwa ki sot pase yo, pou verifye kontribiyab la. Pou kontribiyab moun, ou ka antre tou enfòmasyon ki soti nan yon evalyasyon Depatman Taks bay.
- Pou jwenn aksè sou entènèt nan tranzaksyon kliyan w lan otorize sou Fòm E-ZRep TR-2000 la, sèvi avèk enfòmasyon yo jan kliyan an te ranpli yo sou E-ZRep la pou w ranpli seksyon *Assign tax professional permissions for clients* la (Deziyen otorizasyon pwofesyonèl nan taks pou kliyan). W ap jwenn aksè tousuit nan sèvis kliyan w lan otorize yo.

Publication 3007-HAI (7/12)

- Pou fè travay pou kliyan an, seleksyone non kliyan an nan lis kliyan ki parèt sou paj la, oswa seleksyone kliyan an nan lis dewoulant kliyan ki nan kare client information an (enfòmasyon kliyan) nan account summary home page (paj dakèy rezime kont ou) nan Online Services (Sèvis sou entènèt).